***Темэр:***Зэрызыхуагъазэ псалъэ, абы щагъэув нагъыщэхэр.

***Мурадхэр***:

1. Зэрызыхуагъазэпсалъэмтеухуауэ я1э гуры1уэныгъэр къэпщытэжын, абы нэхърикуууэщыгъэгъуэзэн,зэрызыхуагъазэпсалъэукъагъэсэбэппсалъэлъэпкъыгъуэхэр, абыхэм я къэк1уэк1эр, ахэрубгъуауэ, мыубгъуауэ щытынк1э зэрыхъунур, абыхэм я къэпсэлъык1эр, нагъыщэзэрыщагъэувыр гуры1уэгъуэ ящыщ1ын.
2. Зэрызыхуагъазэпсалъэхэр я бзэмкъыщагъэсэбэпыфуегъэсэн, я бзэмзегъэужьын,
3. Я бзэр, я хэкур ф1ыуэ лъагъунымкъыхуеджэн.

***Къэгъэсэбэпыпхъэхэр:***учебникыр, карточкэхэр, схемэхэр, урокым ехьэл1а презентацэр, видеофильм, текст къыхэхахэр.

**Урокым и ек1уэк1ык1эр. №1**

I. ***Къызэщ1эзыкъуэ дакъикъэ.***

II. ***Егъэджак1уэм и хэзышэпсалъэмакъ.***

***Егъэджак1уэ:***Фи махуэ ф1ыуэ!Нобэурокыр езгъэк1уэк1ынур сэращ, Куба ет1уанэ курыт еджап1эм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щегъэджак1уэ Нэгуэр Аминэщ. Урокым и пэщ1эдзэу фезгъэплъыну сыхуейт зы видеофильм к1эщ1 ц1ык1у. Гупсэхууфеплъ, феда1уэ. Сыту п1эрэ ар зытеухуар, сыт фигу къигъэк1рэ? (Видеофильмыр) Адэк1э сыхуейт гупит1у зыдгуэшыну, дэтхэнэгупмизэгъусэу, фызэджэнджэщурэсурэтзырыз схувощ1 фи хэкум хуви1э лъагъуныгъэр е ар зэрыхъунуфызэрыхуейркъыщыгъэлъэгъуауэ, къыхуеджэныгъэ (хуэзгъэуш) псалъэухазырызизэхэфлъхьэ (дакъикъыт1-щык1э мэлажьэ, ятхапсалъэухахэрзэпкърах). №2-8

***Егъэджак1уэ:***Си Хэкудыщэ, уиналъэхремыху. Сытхуэдэ къэпсэлъык1э и1э мы псалъэухам? Сыту п1эрэ ар зыхуэгъэзар?

***Егъэджак1уэ:***Дэ куэдрэдибзэмкъыщыдогъэсэбэпзыгуэрымзэрызыхуэдгъазэпсалъэхэр е лъэ1ук1э, е унафэк1э, е ауэ жыт1эр зыхуэгъэзар на1уэ хъун щхьэк1э. Нобэрейурокыртеухуауэщытынущзэрызыхуагъэзэпсалъэхэм.№9-10

***Егъэджак1уэ:***Иджыпстуфыкъезгъэблэгъэнусыхуейщ «Зэрызыхуагъазэпсалъэмтеухуауэ» щ1эныгъэ-къэхутак1уэ конференцым. Дэтхэнэзымиезымкъэфхутэнущзэрызыхуагъазэпсалъэмтеухуауэ фымыщ1э куэд.Гуп къэсхунк1э лэжьыгъэзырыз фи1энущ. Япэгупымдызэреджэтхылъыркъагъэсэбэпурэкъахутэнущзэрызыхуагъазэпсал

ъэр зищ1ысыр, псалъэухам щи1э синтаксическэкъалэныр, къызэрык1уэ псалъэлъэпкъыгъуэр, и зэхэтык1эр, нэгъуэщ1 1уэхугъуэхэри.§32н. 76 (Дакъикъэ зыбжанэк1э а напэк1уэц1ым щолажьэ.)

Ет1уанэ гупымтаблицэр къагъэсэбэпк1эрэ къахутэнхуейщзэрызыхуагъазэпсалъэхэмпсалъэухамщаубыд увып1эр, и къэпсэлъык1эм и1э щхьэхуэныгъэхэр, нагъыщэщагъэувыр. №11

***Егъэджак1уэ:***Сыт зэрызыхуагъазэ псалъэк1э зэджэр?№12

(Зэрызыхуагъазэпсалъэмпсалъэрзыхуэгъэза ц1ыхум, псэущхьэм е мыпсэупредметым и ц1эр къре1уэ.Ар грамматическэк1э псалъэухамепхакъым)

***Егъэджак1уэ***: Псалъэухахэрзэгъэпщэн: Сыту уабрагъуэ, 1уащхьэмахуэ.- 1уащхьэмахуэ бгыабрагъуэщ. (псалъэухамипкъ итк1э теоретическэматериалырзэпкърах.)

**Текст №13**

…Ныбжьыщ1ит1ым загъэпсэхуанэужь, къэтэджащ, захуапэхэри я нэгузрагъэужьынхэу «Пелуаным» и палубэмкъытехьащ.(1)
-Мес, модыгъэмибгъуищхъэрэлъэныкъуэрщАйшэтдыкъыщалъхуа щ1ыналъэр – Кавказыр. (2)
- Зик1 си ф1эщ хъуркъымди 1уащхьэмахуэ слъагъужынуЗырамыку. (3) Си анэ 1эф1ым иужьк1э, ди къуак1эбгык1эхэрат си гумсхуимыгъэхуущытар.(4)
- ПэжщАйшэтХэку ф1ылъагъуныгъэм нэхълъэщ зэрыщымы1эр.(5) Сэри зыхэсщ1ащ ар мы зытхьэмахуэм.(6)
- Зырамыкуситщуипащхьэм…(7) Сигурихуэбэжащ, щ1ы1эми си1ыгъыжкъым… (8) Уэ къысхуэпщ1ар уасэншэщ. (9) Сэ слэк1ынур зыщи, си гумсыпсэуху мытк1уж 1эф1у изгъэлъынщ.(10)
- Айшэтсэзыри щ1ыхуэу пхуэсщ1акъым. (11) Ар лъэпкъкъалэн 1уэхущ. (12) УианэСэтэнейестапсалъэщ. (13)

**Лэжьыгъэхэр:**зэрызыхуагъазэпсалъэхэркъэгъуэтын, нагъыщэхэргъэувыжын, я увып1эхэр убзыхун. (Лэжьыгъэряуханэужь, зырахъуэжрикъапщытэ) **№14-15**

**Зэрызыхуагъазэпсалъэхэмтеухуауэ къэтщ1ахэр къэдгъэсэбэпурэжэуаппэжыркъыхэтхынщ. №16**

1.Зэрызыхуагъазэ псалъэхэр – ар зыпсалъэу е псалъэзэпхауэ къок1уэ, жа1эр зыхуэгъэзаркъагъэлъагъуэу.

2.Зэрызыхуагъазэ псалъэхэм къэпсэлъык1э щхьэхуэ и1эщ- зыгуэрымеджэузыхуигъазэу.

3.Зэрызыхуагъазэ псалъэхэрпсалъэухам и пкъыгъуэухоувэ.

4. Зэрызыхуагъазэпсалъэхэрименительнэпадежымиту к1эух пымыту къэк1уэ

5.Зэрызыхуагъазэпсалъэхэрубгъуауимыубгъуауи щытынк1э хъунущ.

6. Зэрызыхуагъазэпсалъэхэрпсэ зы1ут предмету ф1эк1 къак1уэркъым.

7. Зырызыхуагъазэпсалъэхэрпсалъэухам и сыт хуэдэ щ1ып1эми хэувэнущ.

8. Зэрызыхуагъазэпсалъэхэртхыгъэм запятойк1э къыхагъэк1, псалъэухам и пэмиту щ1эгъэхуэбжьауэ къапсэлъмэ, хэ1этык1а нэхъыщэк1э къыхагъэщ.

Дижэуапхэр къыдопщытэ№17

1.+

2.+

3.-

4.+

5.+

6.-

7.+

8.+

**Егъэджак1уэ:**Аращи,зэрызыхуагъазэпалъэхэм и щытык1э нэхъыщхьэукъэтхутащ: №18




.

## III. Яджарзэрыгъэубыдын (лэжьыгъэр т1урыту зэдзыл1ауэ ягъэзащ1э, иужьк1э езыр – езырукъапщытэж) №19-20

| Псалъэухахэр | Зэрызэхэтыр (убгъуамыубгъуа) | Здэщыт щ1ып1эр | Щытыпхъэнагъыщэхэр | Схемэр |
|---|---|---|---|---|
| Щы1экъым мыбызымахуи<br>1уащхьэмахуэ сигъэлъэгъуфу,<br>Щы1экъым мыбызыани<br>Нанэуэщхьу 1э къыздилэфу | | | | |
| Умыдзыхэ си нанэдыщэ<br>Л1ы ищ1ынщ уикъуэр 1эшт1ымым,<br>Зэман к1эщ1к1э ар нэк1уэжынщи,<br>ЩыплъэжынщБахъсэнаузым | | | | |
| 1уащхьэмахуэ 1уащхьэмахуэ<br>Щ1ымахуафэр зэтезмых,<br>Уибынхахуэм и ф1эхъусыр,<br>Пшэрзытехи, уэ къе1ых. | | | | |
| Насып уи1эщ гъатхэдахэ<br>Хъуа и хэк1ыр уи гуф1ак1уэщ,<br>Щыгъынпсоми я нэхъдахэр<br>Зыщат1агъэу уэ убжьыф1эщ. | | | | |
| Щ1имычэу пыпщэуди гуф1эгъуэм<br>Лъэбакъуэ тчыхук1э дощ1ыр лъэщ,<br>Уэди зэф1эк1ым хыбогъахъуэ,<br>Догъэбагъуэ си Хэкулъэщ. | | | | |

## IV. Урокыр къызэщ1экъуэжын, оценкэхэряхуэгъэувын. №21

## V. Унэлэжьыгъэетын.

1. §32 н.76, л. 108 (жьэры1уатэу), л.109 (тхыгъэу)

**VI. Оценкэхэряхуэгъэувыжын.**

**VII. Рефлексия №23**

**Егъэджак1уэ:** Диурокым и к1эухыу сыхуейтзыхъыбар вжес1эну.
Зы л1ыжь губзыгъэгъуэгумтету к1уэрт. Ар хуэзащмахуэ псом лэжьа, мывэхэрмэждыт ящ1ым папщ1э къезыхьэл1а щ1алищым.
Л1ыжьыр къэувы1эри зы щ1алэм еупщ1ащ: «Сыт уэнобэ пщ1ар?» Абы къэгубжьауэ жи1ащ мывэхэр къызэрырилъэфэк1ар. Ет1уанэм л1ыжьыр щеупщ1ым, жи1ащ: « Сэ си къалэныр згъэзэщ1ащ». Ещанэм щеупщ1ым, гуф1эжу жэуапкъритащ: «Сэмэжджыт зыщ1хэм садэ1эпыкъуащ»

**Егъэджак1уэ:**Ц1ык1ухэ, дэриурокым щытщ1а лэжьыгъэркъэдвэпщытэт.

Хэтяпэ щ1алэм хуэдэулэжьар? (къехьэлъэк1ыу)

Хэт ет1уанэ щ1алэм хуэдэулэжьар? (зэрыхузэф1эк1к1э)

Хэтещанэ щ1алэм хуэдэулэжьар? ( ф1эф1у, гукъыдэж и1эу)

# Мастер -класс

## "Зэрызыхуагъазэ псалъэ, абы щагъэув нагъыщэхэр"



***Куба ет1уанэ курыт еджап1эм***

***адыгэбзэмрэлитературэмрэ и егъэджак1уэ***

***Нэгуэр А.А.***

***2013гъ***